

Soal PAS MULOK kelas 6 SD/MI SEMESTER 2

PETUNJUK UMUM

1. Tulis namamu di sudut kanan atas
2. Bacalah setiap soal dengan teliti.
3. Kerjakan dulu soal yang kamu anggap mudah.
4. Periksa kembali pekerjaanmu sebelum diserahkan pada pengawas.

I. Berilah tanda silang (x) pada huruf a, b, c, atau d di depan jawaban yang benar!

1. Apa irah-irahan sajroning sesorah ing dhuwur ?
 - a. Pidhato Pengetan Kartini
 - b. Pidhato Perpisahan Kelas VI
 - c. Lomba pidhato
 - d. Pidhato ulang taun

2. Sesorah ing ndhuwur iku ditindakake ing
 - a. daleme ibu guru
 - b. lapangan
 - c. sekolahan
 - d. puskesmas

3. Sesorah iku ditindakake dening
 - a. bapak kepala sekola
 - b. perwakilan murid kelas VI
 - c. .perwakilan murid kelas
 - d. wakil kepa sekolah

4. Rembugan ana sangarepe wong akeh kanthi ngandarake sawijining gagasan diarani

- a. tanggap wacana
- b. atur pambuka
- c. micara
- d. nyemak

5. Perangane pidhato kang ngemot andharan isi utawa bab kang wigati ing tanggap wacana diarani

- a. pambuka
- b. salam pambuka
- c. panutup
- d. surasa

6. Muji syukur marang Gusti Allah iku ing sesorah dipapanake ana

- a. pambuka
- b. isi
- c. panutup
- d. salam

7. Cekap semanten ingkang saged kula aturaken, bilih wonten kekiranganipun kula nyuwun pangapunten.

Ukara kasebut ing dhuwur dipapananke ana ing

- a. pambuka
- b. isi
- c. panutup
- d. salam

8. Assalamu'alaikum Wr.Wb.

Ukara ing dhuwur klebu perange pidhato

- a. surasa
- b. panutup
- c. pembuka
- d. salam pembuka

9. Ing ngisor iki perangane naskah pidhato, kajaba ...

- a. pembuka
- b. isi
- c. adangiyah
- d. panutup

10. Pinanggih kanthi widada nir ing sambekala. Widada tegese

- a. slamet
- b. seneng
- c. becik
- d. urip

11. Kula panjenengan sedaya saged kempal wonten adicara pepisahan kelas enem.

Tembung kempal duweni teges

- a. bubar
- b. gempal
- c. bali
- d. Kumpul

12. (1) Assalamualaikum Wr.Wb.

Ingkang kinormatan Bapak/ Ibu Pengurus Komite
Sekolah

Bapak Ibu sekalian saha Bapak Ibu Guru ingkang
tansah minulya

(2) Mekaten ugi, kula ngaturaken maturnuwun bilih
panjenengan sami saged ngrawuhi adicara ingkang badhe ngrembag bab
pembangunan musholla.

(3) Mekaten atur kula, menawi wonten lepatipun atur saha
subasita, Kula nyuwun pangapunten.

(4) Sumangga kula dherekaken muji syukur ing
ngarsanipun Gusti Allah Ingkang sampun maringi kesehatan lan kanikmatan
gesang.

Supaya dadi pidhato kang runtut, ukara ing dhuwur diurutake
dadi

- a. 2-3-4-1
- b. 1-4-2-3
- c. 1-3-2-4
- d. 4-3-2-1

KD 3.2

13. Rina : “Mar, Aja mbolos sekolah mengko dadi ora
pinter lho!”

Damar : “Ora usah melu-melu urusanku,Rin!”

Rina : “ . . . ”

Damar : “Rin, ora sah sok pinter, sok ngandhani. Urusen
awakmu dhewe.”

Ukara kanggo ngganepi pacelathon Rudi karo Usman ing

dhuwur kang mathuk yaiku

- a. Damar, aku seneng mbolos
- b. Damar, mbolos iku pancen apik
- c. Damar,aku melu mbolos
- d. Damar,mbolos kuwi ora apik

14. Anton : “Don, sesuk apa sida uangan basa Jawa?”

Doni : “Sida Ton, apa kowe ora ngerti?”

Anton : “Ora, jalaran aku ora mlebu sekolah amarga lara”

Doni : “Ye ngono mengko sore ndhewe sinau bareng wae ya Ton, neng omahku.”

Pacelathon ing ndhuwur migunakake ragam basa

- a. ngoko lugu
- b. krama lugu
- c. krama alus
- d. krama inggil

15. Pacelathon antarane Anton karo Doni ngrembug babagan

....

- a. ora mlebu sekolah
- b. ulangan basa Jawa
- c. kegiatan sekolah
- d. pelajaran ing sekolah

16. Kang nduweni teges padha karo pacelathon, yaiku

- a. musyawarah
- b. piwulang

- c. dialog
- d. sinau

17. Pak Guru : “Bocah-bocah sapa sing durung nggarap PR?”

Badi : “Kula Pak, kula kesupen menawi wonten PR.”

Pak Guru : “...”

Ukara kang trep kanggo ngganepi pacelathon ing dhuwur

- a. Kok kowe sregep tenan
- b. Kok kowe bisa lali
- c. Kok kowe wis nggarap PR
- d. Kok kowe ora lali

18. Coba gatekna pacelathon ing ngisor iki!

Tina : “Wah, endah banget yo, pemandangane!”

Warsiti : “Lho, kepriye Tin, lagi mrene sepisan to.”

Joko : “Aku tak mlaku dhisik ya, Tin.”

Tina : “Jok, ati-ati aja misah saka rombongan, bisa ilang lho!”

Jono : (ora nggubris omongane kanca lan mlaku ngadoh)

“Ora-orane yen ilang, wong kendel, kok. Yo takontakon, to”

(Nalika ing bis arep mulih)

Pak Guru : “Bocah-bocah sapa sing durung munggah bis?”

Wangsulane Tina kang trep yaiku

- a. Tina, Pak.
- b. Kula, Pak.
- c. Warsiti, Pak.

d. Joko, Pak.

19. “Wah, endah banget yo, pemandangane!

Tembung endah nduweni teges padha karo....

a. ala

b. reged

c. elok

d. adoh

20. “Aja misah saka rombongan, bisa ilang lho!”

Tegese tembung rombongan yaiku

a. dhewekan utawa ijen

b. kumpulane wong dadi siji

c. mlaku dhewe-dhewe

d. ora nggabung dadi siji

Pacelathon ing ngisor iki kanggo nggarap nomer 21-25

Dina Minggu esuk Bagas, Ajeng, Bapak, lan Ibu padha preinan sekolah. Mula padha bareng-bareng reses omah.

Bapak : “ Gas, mrenea! Rewangana Bapak ngresiki plapon kuwi!”

Bagas : “ Nggih, Pak! Kula mendhet sapu panjang rumiyin.”

Bapak : “ Gas, sisan njupukna andha kanggo ngranggeh panggonan sing reged dhuwur kae!”

Bagas : “ Nggih, Pak..., menika andhanipun.”

Bapak : “ Kene...kene, galo regede kaya ngana.”

Bagas : “ Nggih-nggih, Pak! Saenipun se-minggu sepisan kedah dipun resiki kok Pak!”

Bapak : “Pancen kudune ngono Gas, mula suk Minggu kerja bakti meneh.”

Bagas : “Nggih Pak, benjing kula rencangi!”

Ibu : “Sing ngati-ati lho Gas!”

Bagas : “Nggih, Bu!”

Ibu : “Yen wis rampung, Ibu direwangi nandur kembang kene karo adimu Ajeng ya!”

Ajeng : “Kembang menapa to Bu? Punapa Ibu mundhut?

Ibu : “Ora, iki kembang olehku nyuwun saka daleme bu RT.”

Bagas : “Nggih Bu, mangke kula rencangi.”

21. ... nembe ngresiiki plapon omah.

- a. Bapak
- b. Bagas
- c. Ibu
- d. Ajeng

22. Sing njupuk sapu panjang yaiku

- a. Bapak
- b. Ibu
- c. Bagas
- d. Ajeng

23. Pacelathon ing dhuwur ngrembug bab

- a. kerja bakti desa

- b. reresik omah
- c. nyaponi plapon
- d. nandur jangkrik

24. Paraga sing ana ing pacelathon iku, kajaba....

- a. Bapak
- b. Bagus
- c. Ibu
- d. Ayu

25. “Kembang menapa Bu?,Punapa Ibu mundhut?”

Tembung “mundhut” basa ngokone yaiku

- a. njaluk
- b. tumbas
- c. nyuwun
- d. tuku

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki nganggo tembung kang mathuk !

26. Pidhato ing ngarepe wong akeh uga diarani

27. Wusana iku uga diarani

28. Sadurunge nulis teks sesorah utawa pidhato. Kita kudu nemtokake ... dhisik.

29. Saben esuk simbah ngunjuk kopi.Tembung ngunjuk ngokone

30. Aku nyuwun dhuwit Ibu.

Tembung kang kacithak kandel basa ngokone

31. Pidhato ing sangarepe wong akeh kudu nduweni rasa

32. Pasar Bawang

Ukara iku yen ditulis nganggo aksara jawa dadi

33. ꦱꦸꦪꦠꦸꦏꦸꦱꦺꦥꦠꦸ.

Ukara ing dhuwur yen ditulis nganggo aksara latin

34. Tegese tembung panggulawentah yaiku

35. Nalika pacelathon anak marang Bapak nggunakake basa...

III. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi bener !

36. Sebutna tujuane pidhato utawa sesorah !

37. Kepeye sikap sing kudu digatekake nalika pidhato utawa sesorah (3 bae) !

38. Bapak mulih numpak sepur

Tembung ing dhuwur gantinen gawe krama inggil!

39. ꦏꦢꦗꦧꦏꦠꦶꦒꦮꦥꦒꦢ.

Salinana aksara Jawa ing dhuwur nganggo aksara latin !

40. Gawe tuladha panutuping sesorah !

KUNCI JAWABAN SOAL PENILAIAN TENGAH

SEMESTER 2 BAHASA JAWA KELAS 6

I. Pilihan ganda

1. b 6.a 11.d 16.c 21.a
2. c 7. c 12.b 17.b 22.c
3. b 8. d 13.d 18.d 23.b
4. a 9. c 14.a 19.c 24.c
- 5.d 10.a 15.b 20.b 25.d

II. Isian

26. tanggap wacana

27. isi

28. cengkorongan

29. ngombe

30. njaluk

31. kendel

32. ?ps/bw=.

33. Suryanto toko sepatu

34. ndidik

35. krama

III. Uraian

36. menehi informasi/pemanggih ,menehi penglipur,kanggo pangajak-ajak

37. a. ngadeg kanthi sopan,

b. wajah kudu mesem

c. mandeng sakabehe

d. swara cetha

e. olah tubuh sakperlune (cukup 3 bae)

38. Bapak kundur nitih sepur

39. kerja bakti gawe pager

40. Tuladha :

a. Cekap semanten atur kawula, menawi wonten kalepatan nyuwun pangapunten.

b. Mekaten atur kula, menawi wonten lepatipun atur kula nyuwun pangapunten.

c. Mekaten ingkang saged kula aturaken, mbokbilih wonten kekirangan utawi kirang subasita, kula nyuwun pangapunten.